



Manyèl Resous Konsomatè ak Fanmiy

**Sèvis ak
Konpasvon**

**Konpetans
Kiltirèl**

**Enterè
Kliyan**

MÈSI pou enterè w nan Broward Behavioral Health Coalition, INC. Nou espere ke manyèl sa a ap yon sous espwa ak èd Pratik nan tan rekiperasyon ou an. BBHC ak founisè Sèvis Sante Konpòtman nan Konte Broward ap travay ansanm pou ede konsomatè yo reyalize yon nivo endepandans ki amelyore, pi bon ladrès pou siviv, ak nouvo kwasans atravè evalyasyon, tretman, ak reyabilitasyon ki konsantre.

Manyèl sa se pou moun ak fanmiy ki nan Broward County kap chèche sèvis Sante konpòtman ki soti nan ajans kominote a.

KISA KI BBHC?

Broward Behavioral Health Coalition, Inc. (BBHC) te kreye an 2011 epi te seleksyone pa Depatman Timoun ak Fanmiy nan Florida kòm antite ki jere Broward County's (Circuit 17) pou sante mantal ak sèvis sibstans ki mal itilize. Objektif li se koòdone epi finanse sèvis pou, epi pou granmour ak timoun ki nan kominote nou an.

DEKLARASYON MISION BBHC'S

Pou defann epi asire ke yon system sante konpòtman ki efikas epi efisyan disponib nan Broward County.

DEKLARASYON VIZYON BBHC'S

Asire yon eksperyans swen sante konpòtman ki reponn ak konpasyon pou moun nan kominote nou an.

DEKLARASYON VALÈ BBHC'S

Enterè kliyan, konpetans kiltirèl, enfòmè sou chòk, sèvis ak konpasyon, jesyon efikas, system inovatè, entegrite fiskal.

Biwo Abi Sibstans ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health) (SAMH) Biwo Pwogram Depatman Timoun ak Fanmiy (Department of Children and Families) genyen kontra ak Koalisyon Konpòtman Sante nan Broward (Broward Behavioral Health Coalition, Inc.) (BBHC) pou jere sistèm sante ak Abi Sibstans ak Sante Mantal nan eta pou. BBHC asire ke yo bay kliyan ak fanmiy kap chèche sèvis nan Broward County yon sèvis kalite ak pi bon pratik.

Sit Entènèt Broward Behavioral Health Coalition's: www.bbhcfloida.org

BI MANYÈL LA

Manyèl sa ap ba w enfòmasyon ak direksyon sou ki moun pou w kontakte pou enfòmasyon ki pi espesifik. Wap aprann tou jan pou patisipe pi byen nan sèvis ou ak nan kominote w. Si w bezwen asistans ak/oswa ou genyen kesyon ki gen rapò ak sante konpòtman ak/oswa sèvis lòt kominote, tanpri Consumer Relations Specialist nan 954-901-6051. Tanpri li paj sa yo epi kenbe manyèl sa a pou itilize pita si w bezwen. Nou espere eksperyans ou ak Broward Behavioral Health Coalition, Inc. (BBHC) pozitif ak benefisye w; si w bezwen asistans.

BI

- Gaye pawòl la ke genyen ESPWA pou moun kap viv ak pwoblèm sante mantal.
- Rekiperasyon an reyèl, epi li pou tout moun!
- Fè li pi fasil pou w konnen kijan pou jwenn sèvis piblik sou sante mantal.
- Fè w konn resous ki kapab ede w viv, aprann, travay epi patisipe nèt nan kominote a.
- Ede w fè bon chwa sous wen w.
- Fè w konnen dwa w ak responsabilite w lè wap resevwa sèvis sante konpòtman.
- Envite w fè nou konnen kisa w panse sou sèvis nou yo, swen sante sou konpòtman mantal ou, oswa swen pititi ou, oswa yon manm fanmi w.

CHWA KLIYAN

BBHC sipòte chwa kliyan an. Kliyan/manm fanmiy kapab kontakte BBHC pou nenpòt asistans yo bezwen lè yo seleksyone oswa chanje founisè sèvis sante konpòtman ki satisfè bezwen yo pi byen.

SÈVIS RESOUS KRIZ

Si zanka ou ta genyen yon Ijans Medikal ak/oswa Sikyatrik rele 911

Pou èd pou yon kris komèt swisid tanpri rele
National Suicide Prevention Lifeline 1-800-273-TALK (8255)

Nimewo Itil:

- 911 si zanka ou ta genyen yon ijans medical ak/oswa sikyatrik
Fè operatè a konnen si ijans la se pou yon moun ki genyen maladi mantal pou yo kapab bay yon repons ki apwopriye a sitiasyon an.
- Premye apèl pou èd nan Broward, Inc.
Enfòmasyon ak Apèl Referans 211 oswa (954) 537-0211
- Ekip Repons Mobil 954-463-0911
- BBHC Espesyalis Relasyon Konsomatè, Alfonso Ruiz, 954-901-6051
- Pou tout lòt kalite resous anplis konsilte:
The Connections Guidebook disponib sou entènèt nan: Vèsyon entènèt disponib nan: <https://www.mhasefl.org/connections-guide-book.html>
- Dwa Andikape nan Florida
1-800-342-0823
<http://www.disabilityrightsflorida.org>
- Liy Aksè Sante Mantal ki klè nan tout Eta a
1-800-945-1355
CLEAR@namicollier.org

RÈGLEMAN SOU DWA KLIYAN

Dwa w kòm konsomatè pandan w ap resevwa trètman nan yon etablisman yo pwoteje anba lalwa Florid. Lè w mande oswa resevwa sèvis, ajans ou ta dwe ba w enfòmasyon alekri sou dwa w yo. Ou gen dwa:

- Pou yo trete w ak jantiyès epi respè.
- Pou w jwenn sèvis ki baze sou bezwen endividyèl ou. Wap patisipe nan devlopman plan rekiperasyon w kote sèvis medikal, pwofesyonèl, sosyal, edikasyon ak reyabilitasyon yo endividalize pou satisfè bezwen ou yo.
- Siyen dokiman ki montre ke w konprann sèvis yo te eksplike w yo epi ou ka deside kanpe sèvis yo nenpòt lè, sèl si se yon tribinal ki bay lòd pou w nan yon etablisman oswa yo mete w lopital kont volonte w.
- Viv nan yon anviwonman ki pa genyen danje epi ki desan.
- Rapò konsènan itilizasyon kontrent, met a pa, izolasyon, lòd tretman ijans, teknik jesyon fizik ak nivo sipèvizyon ki ogmante.
- Kominike lib epi an prive ak moun si w nan yon etablisman, ke volontèman oswa kont volonte w. Ou gen dwa pou kominike pa telefòn, lapòs oswa visit. Ou gen dwa pou rele **Abuse Registry nan 1-800-96-ABUSE (22873)** oswa avoka w. Si kominikasyon ou gen restriksyon, yo dwe fè w konnen alekri.
- Kenbe pwòp rad ou ak efè pèsònèl ou sèl si yo retire yo pou rezon sekirite oswa medikal. Si yo pran bagay pèsònèl ou, yon envantè devan yon temwen obligatwa.
- Enskri epi vote nan nenpòt eleksyon kote ou se yon vote ki kalifye.
- Mande Tribinal la pou revise kòz detansyon w oswa legalite li oswa si yo refize dwa legal ou ak privilèj ou yon fason enjis, oswa yon pwosedi otorize si yo admèt ou kont volonte w.

- Patisipe nan trètman w ak/oswa rekiperasyon ak planifikasyon egzeyat ou. Ou genyen garanti tou pou jwenn opòtinite pou chèche sèvis nan men pwofesyonèl oswa ajans ou chwazi apre egzeyat ou.
- Chwazi yon reprezantan ki pral avèti si yo admèt ou kont volonte w. Yap fè reprezantan w oswa avoka w konn tout pwosedi ak restriksyon sou dwa w.
- Reprezantan w ap resevwa yon kopi envantè zafè zafè pèsonèl ou, gen dwa kontakte tou swit, epi li otorize pou ranpli dokiman legal sou non w. Sepandan reprezantan sa a pa ka pran okenn desizyon sou trètman, li pa gen aksè ni li pa kapab divulge dosye klinik ou san konsantman w, epi li pa ka mande transfer w nan yon lòt etablisman.
- Konfidansyalite ki asire ke tout enfòmasyon sou ou nan yon etablisman sante mantal ak/oswa abi sibstans rete konfidansyèl epi yo divulge sèlman ak konsantman w. Sepandan, yo gen dwa divulge kèk enfòmasyon bay avoka w, si yo resevwa yon lòd tribinal, apre yon menas pou fè lòt moun mal oswa lòt sikonstans ki limite anpil. Ou gen dwa pou gen aksè nan dosye klinik ou.
- Swen sante ki adekwa epi apwopriye ki konsistan avèk estanda ki etabli nan kominite a.
- Yon opòtinite pou fè egzèsis regilyèman plizyè fwa pa semen epi pou w deyò souvan eksepte lè move tan anpeche sa posib.
- Gen dwa a dosye medikal ou.
- Gen aksè pou ranpli yon doleyans ak/oswa yon plent, si sa nesesè.
- Fè edikasyon sou medikaman si yo preskri w medikaman kòm yon pati nan swen w.

Sous: Règleman sa sou dwa kliyan an te devlope pa Dokiman Sante Mantal Florida, Seksyon 394.459: Dwa pasyan.

KONPLENT/PWOTESTASYON

Se règleman Broward Behavioral Health Coalition, Inc. (BBHC) pou bay yon opòtinite pou nenpòt moun/pati konsène pou soumèt yon konplent pou BBHC an ak/oswa sistèm swen soutretans.

Depatman Amelyorasyon Kalite san rete BBHC's la (CQI) Depatman an responsab konplent ak pwotestasyon. Kliyan gen dwa kontakte BBHC dirèk nan 954-622-8121 epi pale ak nenpòt manm estaf pou pote yon plent ak/oswa pwotestasyon. Yo gen dwa voye yon imel tou:

Relasyon konsomatè

ConsumerRelations@bbhcflorida.org

Depatman Amelyorasyon Kalite san rete (CQI)

CQIdepartment@bbhcflorida.org

**PRI SÈVIS BBHC
KOTE PATAJE AK KONDISYON PEMAN FRÈ**

Si w pa gen lajan oswa asirans sante, yo ka toujou ba w sèvis pou sante mantal ak/oswa move itilizasyon sibstans dapre kalifikasyon w .

Kominote sante mantal ak ajans misuse ki resevwa lajan nan men leta bay trètman ak lòt sèvis ki baze sou sa ou kapab peye. Yo rele sa yon echèl sou baz peman.

Chak moun responsab pou yo peye pou kèk nan depans pou swen yo, men si w pa genyen kont kòb oswa pa genyen menm, yo kapab toujou ba w sèvis.

Pou kapab jwenn sèvis BBHC rele 954-622-8121.

ÈD OKSILYÈ

BBHC disponib pou asiste w ak èd oksilyè tankou sèvis entèpretasyon ak sistèm kominikasyon altènatif.

Yo sigjere ke yo kontakte BBHC Quality Improvement Manager oswa Consumer Relations Specialist pou asistans sa nan 954-901-6051.

REZO FOUNISÈ BBHC's

Anba a se yon lis ajans ke BBHC finanse. Si w ta renmen plis enfòmasyon, tanpri rele ajans lan dirèk oswa ale sou sit entènèt yo.

Sante Mantal Adilt - AMH

Abi Sibstans Adilt - ASA

Sante Mantal Timoun - CMH

Abi Sibstans Timoun – CSA

Founisè	Sèvis	Nimewo Prensipal	Sit Entènèt
Provider	Services	Main Phone	Website
Archways, Inc.	AMH, ASA	954-763-2030	www.archways.org
Banyan Health Systems	AMH, ASA, CMH, CSA	305-398-6100	www.banyanhealth.org
Broward County Addiction Recovery Center	ASA	954-357-4880	www.broward.org
Broward County Elderly and Veterans Services Division	AMH	954-357-6622	www.broward.org
Broward County Sheriff's Office	AMH, ASA, CMH, CSA	954- 831-8900	www.sheriff.org
Broward County, Crisis Intervention & Support Division	AMH, ASA, CMH, CSA	954-357-9590	www.broward.org/JusticeServices/Pages/Default.aspx
Broward House, Inc.	ASA, CSA	954-764-2800	www.browardhousingsolutions.org
Broward Housing Solutions	AMH	954-522-4749	www.browardhouse.org
Broward Partnership for the Homeless, Inc.	AMH	954-779-3990	www.bphi.org
Camelot Community Care, Inc.	AMH, CMH	561-844-6400	www.camelotcommunitycare.org
Care Resource	AMH, ASA	954-567-7141	www.careresource.org
Chrysalis Health, Inc.	AMH, CMH	954-587-1008	www.chrysalishealth.com/
Citrus Health Network, Inc.	AMH, CMH	305-424-3100	www.citrushealth.com/#/help
Covenant House Florida, Inc.	ASA, CMH, CSA	954-561-5559	www.covenanthousefl.org
Fellowship House	AMH	305-667-1036	www.fellowshiphouse.org
Fellowship Recovery Community Org	ASA	954-205-7428	www.ffrco.org/
Florida Initiative for Suicide Prevention, Inc.	AMH, CMH	954-384-0344	https://mhasefl.org/florida-initiative-for-suicide-prevention/
Foot Print to Success Clubhouse, Inc.	AMH, CMH	954-657-8010	www.footprintsuccess.org
Ft. Lauderdale Behavioral Health	ASA, CMH, CSA	954-463-4321	www.fortlauderdalehospital.org
Gulf Coast Jewish Family & Community Services, Inc.	AMH, ASA, CMH, CSA	954-630-4181	www.gulfcoastjewishfamilyandcommunitieservices.org
Harmony Development Center	AMH, CMH	954-766-4483	http://harmonydevelopmentcenter.org
Henderson Behavioral Health, Inc.	AMH, ASA, CMH	Mobile Crisis 954-463-0911 CRC 954-606-0911	www.hendersonbehavioralhealth.org
Kids In Distress, Inc.	CMH	954-390-7654	www.kidinc.org

REZO FOUNISÈ BBHC's Cont'd

Sante Mantal Adilt - AMH
Abi Sibstans Adilt - ASA
Sante Mantal Timoun - CMH
Abi Sibstans Timoun – CSA

Founisè	Sèvis	Nimewo Prensipal	Sit Entènèt
Provider	Services	Main Phone	Website
Mental Health America of Southeast Florida	AMH, ASA	954-746-2055	www.mhasefl.org
NAMI Broward County, Inc.	AMH, ASA	954-316-9907	www.NAMIBroward.org
North Broward Hospital District	AMH, ASA	954-355-4400	www.Browardhealth.org
Our Children, Our Future, Inc.	CMH	954-929-7515	www.ourchildrenourfuturefl.org
Silver Impact, Inc.	AMH	954-572-0444	N/A
Smith Mental Health Associates, LLC.	AMH, ASA, CMH, CSA	954- 321-2296	www.SmithCMH.com
South Broward Hospital District	AMH, ASA, CMH, CSA	954-987-2000	www.mhs.net
South Florida Wellness Network, Inc.	AMH, ASA, CMH, CSA	954-533-0585	www.SFWN.org
SunServe	AMH, ASA	954-764-5150	www.sunserve.org
Taskforce Fore Ending Homelessness, Inc.	AMH, ASA	Call 2-1-1	N/A
The House of Hope, Inc.	ASA	954-524-8989	www.houseofhopeonline.org
The Village South	AMH, ASA	(305) 573-3784	www.westcare.com/page/where-we-serve_FL_01d
Tomorrow's Rainbow	AMH, CMH	954-978-2390	https://www.tomorrowsrainbow.org
United Way of Broward County, Inc.	AMH, ASA, CMH, CSA	954-760-7007	www.drugfreebroward.org

Ajans kontrakte pa United Way			
2-1-1 First Call for Help	AMH, ASA, CMH, CSA	2-1-1 or 800-442-8565 (information & referral)	www.firstcall211.net
Archways	CSA	954-763-2030	www.archways.org
Florida Initiative for Suicide Prevention, Inc.	AMH, CMH	954-384-0344	https://mhasefl.org/florida-initiative-for-
Gang Alternatives, Inc.	CSA	(786) 391-2375	https://myga.org/
Hanley Center Foundation	CSA	561-841-1166	www.hanleycenterfoundation.org
Institute of Child & Family Health	CSA	305-685-8245	www.icfhinc.org
SunServe	ASA	954-764-5150	www.sunserve.org
Memorial Healthcare System	ASA, CSA	954-985-7004	www.mhs.net
Broward Partnership for the Homeless, Inc.	ASA	954-779-3990	www.bphi.org
Firewall	CSA	954-530-1871	www.firewallcenters.org

Konklisyon

Lasyans demontre ke gen espwa jwe yon wòl entegral nan rekiperasyon yon moun. Nou vle w konnen ke w ka refè epi viv lavi w konplètman nan kominote a. Nou la pou nou sipòte w lè w bezwen nou. Se pou manyèl sa a kapab yon gid itil pou ou.



Esperans chanje tout
bagay

Broward Behavioral Health Coalition, Inc.
3521 West Broward Blvd.,
Suite 206,
Lauderhill, FL 33312
Office: 954-622-8121
Fax: 954-332-1476
